



Kesyon Moun Poze Souvan Kkonsènan Fòm 1095-A

1. Poukisa mwen te resevwa yon Fòm 1095-A nan men NY State of Health?

Ou te resevwa yon Fòm 1095-A paske oumenm oswa yon moun nan fanmi ou enskri te nan asirans sante prive avèk NY State of Health pou tout oswa yon pati nan ane 2017.

Sèl moun yo bay Fòm 1095-A la se kliyan yo ki nan Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plans, QHP) yo te achte nan nivo Bwonz, Ajan, Lò, oswa Platin yo. Yo pa bay kliyan ki nan plan Katastwofik, plan Medicaid, Child Health Plus, oswa Plan Esansyèl la Fòm 1095-A paske yo pa kalifye pou Kredi nan Taks pou Prim (Premium Tax Credit, PTC).

2. Kisa mwen bezwen fè avèk Fòm 1095-A a?

Si ou menm oswa yon moun nan fanmi ou te enskri nan pwoteksyon asirans sante avèk èd finansyè avèk NY State of Health pou tout oswa yon pati nan ane 2017:

Nou pral bezwen Fòm 1095-A pou ranpli taks federal nou an. Èd finansyè ou menm oswa fanmi ou te resevwa kòm peman davans pou Kredi nan Taks pou Prim la (APTC). Sèvis Revni Entèn egzije moun oswa fanmi ki te resevwa APTC pou yo depoze yon deklarasyon taks epi tache Fòm IRS 8962, Kredi nan Taks pou Prim (Premium Tax Credit, PTC). Fòm 8962 disponib sou sitwèb IRS la nan www.irs.gov. Fòm 1095-A ap ede ou ranpli Fòm 8962.

Si ou menm oswa yon moun nan fanmi ou te enskri nan pwoteksyon asirans sante san èd finansyè avèk NY State of Health pou tout oswa yon pati nan ane 2017:

Menm si ou pa te resevwa èd finansyè pou peye pou plan sante ou, selon revni ou, ou ka toujou kapab jwenn èd nan sezon taks. Ou pral bezwen Fòm 1095-A pou ranpli taks federal ou si ou vle reklame Kredi nan Taks pou Prim (Premium Tax Credit, PTC). PTC a se yon kredi nan taks ki ka ba ou èd finansyè pou ede konpanse depans ou te fè nan prim. An jeneral, se sèlman moun ki reklame taks revni kay yo chak ane ki 200% oswa anwo epi 400% oswa anba Liy Pòvrete Federal la ki ka reklame PTC. Enstriksyon pou Fòm 8962 yo ap ede ou detèmine si ou satisfè kondisyon pou kalifye pou kredi sa a. Si Fòm 8962 IRS di w revni ou plis pase 400% Liy Pòvrete Federal (Federal Poverty Line, FPL) la, ou pa kalifye pou èd la.

Ou dwe ranpli Fòm IRS 8962, Kredi nan Taks pou Prim reklame kredi nan taks la. Fòm 8962 disponib sou sitwèb IRS la nan www.irs.gov oswa nan nen moun ki prepare taks pou ou a. Fòm 1095-A ou a ba ou enfòmasyon ou pral bezwen pou ranpli Fòm 8962 la.

3. Mwen te resevwa yon fòm 1095-A ane pase, men kounye a mwen nan Plan Esansyèl la epi mwen pa te resevwa youn. Èske mwen pa bezwen youn pou deklare taks mwen?

Fòm 1095-A la se sèlman bay kliyan ki kalifye pou Kredi nan Taks pou Prim (Premium Tax Credit, PTC) yo bay li. Piske ou te enskri nan Plan Esansyèl la an 2017, ou pa t kalifye pou PTC. Moun ki enskri nan Plan Esansyèl yo pral resevwa yon Fòm 1095-B.

4. Ki kalite enfòmasyon ki sou Fòm 1095-A?

Fòm 1095-A gen ladan enfòmasyon ou bezwen pou ranpli Fòm 8962 si ou vle reklame PTC la oswa yo oblige rekonsilye APTC ou te deja resevwa. Fòm 1095-A gen twa (3) pati:

Pati I: Li bay enfòmasyon debaz sou ou, ak dat ou te kòmanse ak fini pou plan sante espesifik ou deklare sou Fòm 1095-A.

Pati II: Li bay enfòmasyon sou chak moun nan kay la ki gen pwoteksyon nan menm asirans la. Si ou te aplike pou èd finansyè epi ou te di nou ki moun ki te nan fanmi taks ou an, Pati II pral gen sèlman enfòmasyon pou pwòp fanmi taks ou. Moun yo ki nan fanmi taks separe yo pral resevwa pwòp Fòm 1095-A pa yo. Si ou pa te aplike pou èd finansyè, Pati II pral gen tout moun ki te enskri nan menm asirans la menmsi yo pa nan fanmi taks ou a.

Pati III: Li bay enfòmasyon pou chak mwa nan ane a pou twa (3) bagay:

1. Kontribisyon QHP ou a epi, si sa apwopriye, Prim Swen Dan Endepandan ou, ki atribye nan Avantaj Sante Esansyèl (Essential Health Benefits, EHB). Gade kesyon 6 pou jwenn plis enfòmasyon sou depans sa a prim sa a ki deklare sou Fòm Ou 1095-A.
2. Montan prim la nan Dezyèm nan (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP) pou pwoteksyon kay ou nan konte nou abite a. Yo bay montan prim SLCSP a paske IRS itilize montan prim sa a pou kalkile montan kredi nan taks ou kalifye pou jwenn. Se sèlman moun ki te itilize APTC k ap jwenn enfòmasyon sa a. Pou moun ki te enskri san APTC (moun ki pa aplike pou èd finansyè oswa moun ki te chwazi pa aplike pou okenn nan APTC yo te kalifye pou yo), NY State of Health te bay yon tablo pou chèche bon SLCSP a.
3. Si sa aplikab, peman davans pou kredi nan taks pou prim yo te peye pou ou bay konpayi asirans ou a.

5. Poukisa mwen te jwenn plis pase yon sèl Fòm 1095-A?

Gen plizyè sikontans kote NY State of Health pral bay plizyè fòm 1095-A. Men rezon ki pi komen yo:

- **Chanjman nan QHP:** Si oumenm oswa yon moun nan fanmi w chanje plan pandan ane 2017, n ap voye yon (1) fòm ki detaye enskription nan chak plan. Si ou te enskri nan yon plan sante, epi ou soti nan plan an, apresa ou re-enskri nan menm plan an, n ap voye yon sèl fòm ba ou pou chak nan de (2) peryòd enskription sa yo.
- **Diferan moun nan fanmi ou te enskri nan diferan plan:** Si moun nan fanmi ou te enskri nan diferan QHP, n ap voye yon (1) fòm pou chak plan sante.
- **Chanjman nan itilizasyon APTC:** Si ou menm oswa yon moun nan fanmi taks ou te itilize APTC pandan kèk mwa epi yo te sispann sèvi avèk APTC pou mwa ki vin apre yo (oswa vise-vèsa), nou pral voye yon (1) fòm pou mwa yo te itilize APTC epi yon lòt fòm pou mwa yo pa te itilize APTC.
- **Chanjman nan manm:** Si gen yon chanjman nan manm prensipal yon kontra asirans, nou pral voye yon fòm pou mwa yon (1) moun te manm prensipal la, ak yon (1) lòt fòm pou mwa yon diferan moun te manm prensipal la.

6. Poukisa montan prim chak mwa sou Fòm 1095-A a pa menm ak montan prim mwen wè nan kont mwen oswa bòdwo mwen resevwa nan men plan sante mwen an?

Règleman federal pèmèt moun itilize (A)PTC sèlman pou avantaj yo konsidere kòm Avantaj Sante Esansyèl (Essential Health Benefits, EHB) epi ou pa ka itilize yo pou avantaj ki pa EHB. Paske Fòm 1095-A bay enfòmasyon ki nesesè pou reklame PTC a oswa pou rekonsilye APTC a, fòm la sèlman gen ladan pati nan prim ki garanti EHB yo, ki ka reflete oswa pa reflete kantite prim ou te peye chak mwa a. Tanpri sonje tou si ou te enskri nan yon plan swen pou dan endepandan, pòsyon nan pwoteksyon pou swen pou dan ou ki garanti swen pou dan pou timoun (pedyatrik), ki konsidere kòm EHB, pa sèlman prim pou plan sante medikal ou a, pral nan montan prim chak mwa a ou.

Gen yon lis Avantaj Sante Esansyèl disponib la a:

<http://info.nystateofhealth.ny.gov/news/what-are-essential-health-benefits>. Kèk nan plan sante yo gen sèlman EHB epi kèk plan gen lòt avantaj (tankou akiponkti).

7. Mwen te enskri nan yon plan sante ak yon moun ki pa yon mari/madanm oswa yon depandan (tankou yon moun mwen ansanm ak li men nou pa marye oswa yon timoun ki pa depandan) epi nou te resevwa èd finansyè. Poukisa non li pa sou Fòm 1095-A a?

Si ou te enskri nan yon plan sante ak èd finansyè avèk yon moun ou pa reklame kòm yon depandan sou deklarasyon taks ou, w ap resevwa yon Fòm 1095-A pou tèt ou ak depandan ou yo (si ou genyen), epi lòt moun nan ap resevwa yon 1095-A pou tèt li.

IRS egzije pou nou voye yon Fòm 1095-A apa pou chak fanmi taks ki te enskri nan yon plan sante, epi sèlman mete enfòmasyon pou fanmi taks sa a sou chak Fòm 1095-A.

**8. Mwen menm ak depandan mwen yo te enskri nan yon plan sante ak èd finansyè.
Poukisa non depandan an pa nan Fòm 1095-A mwen an?**

Si ou te endike nan aplikasyon ou pou ane pwoteksyon 2017 la moun nan pa te yon depandan epi sa fè li te nan yon fanmi taks apa, NY State of Health te voye yon Fòm 1095-A apa pou moun nan. Ou pa ka chanje enfòmasyon an yon fason retroaktif sou aplikasyon NY State of Health ou a, men ou ka konekte sou kont ou a epi korije enfòmasyon aplikasyon ou pou ane enskripsyon 2018 la.

9. Tout fanmi mwen te enskri nan yon plan sante avèk NY State of Health, men se yon (1) sèl moun nan fanmi mwen ki te resevwa yon Fòm 1095-A. Èske tout moun nan fanmi an sipoze resevwa yon kopi fòm lan?

Si ou enskri avèk èd finansyè, n ap voye Fòm 1095-A a bay yon (1) moun nan chak fanmi taks ki enskri nan chak plan sante. Pa egzanp, si yon koup marye enskri nan yon plan sante, NY State of Health ap voye yon sèl Fòm 1095-A bay kont mari/madanm ki mèt kont la. Si yon koup marye enskri nan yon plan sante ak èd finansyè ak pitit ki pa depandan, n ap voye yon Fòm 1095-A bay moun ki mèt kont la epi yon dezyèm Fòm 1095-A bay pitit ki pa depandan an. Fòm yo ap gen sèlman enfòmasyon pou fanmi taks sa a, menm si gen lòt moun ki gen pwoteksyon aspirans la.

Si ou pa t aplike pou èd finansyè, ou pa oblige di NY State of Health ki moun ki nan fanmi taks ou an epi n ap voye yon Fòm 1095-A bay moun ki mèt kont lan pou tout moun ki enskri nan plan sante a.

10. Mwen te sipoze resevwa yon Fòm 1095-A, men mwen pat jwenn youn. Kijan pou mwen fè pou mwen jwenn yon kopi ranplasman Fòm nan.

Si yo te adrese yon Fòm 1095-A pou ou epi ou se mèt kont la sou kont NY State of Health ou a, ou ka jwenn fòm nan sou kont sou entènèt ou a [nan\[www.nystateofhealth.ny.gov\]\(http://www.nystateofhealth.ny.gov\)](http://www.nystateofhealth.ny.gov). Konekte sou kont ou epi chèche Fòm 1095-A nan bwat mesaj ou. Si ou pa kapab jwenn aksè nan kont ou a sou entènèt, tanpri rele NY State of Health nan 1-855-766-7860.

Si yo te voye ba w yon Fòm 1095-A ou epi ou pa mèt kont la, tanpri rele NY State of Health nan 1-855-766-7860.

11. Kijan pou mwen fè pou mwen jwenn enfòmasyon sou yon Fòm 1095-A yo pa te make non mwen sou li?

NY State of Health ka sèlman bay Fòm 1095-A ak enfòmasyon sou fòm sa yo bay moun yo te make non li sou fòm lan. Si ou bezwen enfòmasyon nan yon Fòm 1095-A ki pa make non ou sou li, tanpri kontakte moun yo te adrese fòm nan pou li a.

12. Mwen te bliye deklare yon chanjman nan sikonstans mwen ki te fèt pandan ane pwoteksyon 2017 la, kisa mwen ta dwe fè?

Fòm 8962 la ap bay enstriksyon sou kòman pou w rekonsilye chanjman ou pa t deklare bay NY State of Health. Si ou pa deklare yon chanjman nan sikonstans, ou ka kalifye pou plis PTC oswa ou ka dwe PTC bay IRS.

Enfòmasyon sou Fòm 1095-A a reflete enfòmasyon ou te deklare bay NY State of Health ane enskripsyon 2017 la. Ou pa ka chanje enfòmasyon yon fason retroaktiv nan kont ou ki aplike a enskripsyon oswa kalifikasyon ou pou 2017. Ou ka sèlman fè chanjman yon fason pwospektiv.

Si ou pa te mete aplikasyon ou ajou pou reflete chanjman yo an 2017, tankou chanjman nan revni ou chak ane, ki moun ou gen lentansyon reklame kòm yon depandan, oswa ki kote ou te viv, chanjman sa yo p ap endike nan Fòm 1095-A ou gen kounye a.

Pi devan, si ou enskri nan yon plan sante avèk NY State of Health, ou dwe toujou deklare chanjman nan sikonstans ou lè yo rive a.

13. Mwen te enskri nan yon plan sante ak èd finansyè. Poukisa Fòm 1095-A mwen an endike mwen te gen APTC pou yon mwa kote mwen pa te enskri nan yon plan sante?

Ou kalifye pou PTC sèlman pou mwa kote ou peye prim asirans sante ou. Si plan sante ou te bay pwoteksyon asirans pou yon mwa ou pa te peye kontribisyon ou nan prim ou a, w ap oblige remèt PTC yo te peye pou ou bay plan sante a nan mwa sa a.

Pa egzanp:

Janvye 2017:	Ou enskri nan yon plan sante ak èd finansyè.
Janvye - Me 2017:	Ou peye kontribisyon ou nan prim nan chak mwa epi yo peye APTC bay plan sante ou a chak mwa.
Jen 2017:	Ou pa peye prim ou epi rantre nan peryòd gras 90 jou ou pou peye prim pou mwa jen ou a. Yo peye APTC bay plan sante ou pou mwa jen.
Septanm 2017:	Ou toujou pa peye prim ou pou mwa jen, epi ou yo koupe asirans ou yon fason retroaktiv sou mwa jen. Selon règ peryòd gras peman prim federal la, plan sante a te oblige peye pwofesyonèl swen sante yo pou nenpòt sèvis ki garanti ou te itilize nan mwa jen. Sepandan, ou pa kalifye pou APTC pou mwa sa a paske ou pa t peye kontribisyon ou nan prim lan. Paske ou pa kalifye pou APTC nan mwa sa a ankò, ou oblige peye lajan sa a bay IRS. Yo pa te peye APTC apre mwa jen donk se sèlman pou yon mwa w ap oblige remèt lajan an.

14. Mwen te enskri nan yon plan sante avèk NY State of Health an 2017 epi revni mwen te 400% FPL oswa piba epi mwen pa te gen yon lòt sous Pwoteksyon Esansyèl Minimòm, poukisa mwen pa kalifye pou yon kredi nan taks?

Lwa Konsènan Swen Abòdab (Affordable Care Act, ACA) ede moun ak fanmi yo enskri nan asirans sante ki bon mache. ACA a presize pri swen sante abòdab lè li pa koute plis pase yon sèten pouvantaj revni yon moun oswa fanmi. Montan kredi nan taks yon moun oswa yon fanmi ka resevwa baze sou de (2) faktè: revni kay la ak pri Dezyèm Plan Ajan ki Pi Bon Mache an (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP) nan konte kote yo abite a. Si SLCSP a koute plis pase sèten pouvantaj revni kay la, moun oswa fanmi an ka kalifye pou PTC a. Si SLCSP a koute mwens pase pouvantaj espesifik la, moun oswa fanmi an pa kalifye pou PTC a paske pwoteksyon asirans lan deja abòdab.

Tablo 2 nan enstriksyon pou Fòm 8962 yo gen maksimòm pouvantaj revni yon moun oswa fanmi t ap peye, dapre revni yo, pou SLCSP nan konte yo abite a.

15. Enfòmasyon sou Fòm 1095-A mwen an pa sanble li kòrèk. Kijan pou mwen fè chanje li?

Tanpri revize lòt repons Kesyon Moun Poze Souvan yo pou wè si yo te ka ede ou konprann enfòmasyon ki sou Fòm 1095-A ou a. Si repons sa yo pa reponn kesyon ou an, tanpri rele NY State of Health nan 1-855-766-7860 pou kapab jwenn asistans.

16. Mwen te resevwa yon 1095-A korije nan men NY State of Health. Èske mwen dwe reklame taks mwen an ankò?

NY State of Health pa ka ofri konsèy konsènan taks. Tanpri ale sou sitwèb www.irs.gov pou jwenn plis enfòmasyon sou kesyon ou a oswa pou diskite sikonstans ou a ak konseye taks ou.

17. Mwen te ranpli aplikasyon 2017 NY State of Health mwen an selon enfòmasyon mwen te genyen sou revni mwen lè mwen te aplike pou pwoteksyon asirans lan. Apre mwen te fin ranpli deklarasyon taks ane 2017 mwen, li te endike mwen te gen yon revni ki pi wo pase sa mwen te atann nan epi mwen te kalifye pou yon kantite kredi nan taks ki pi piti. Èske m dwe peye kredi nan taks siplemantè yo? Èske gen yon limit sou kantite lajan mwen dwe remèt?

Si vrè revni ou nan pou 2017 te plis pase kantite revni ou te deklare bay NY State of Health pou ane 2017 la, epi si ou te itilize yon pati oswa tout kredi nan taks ou te kalifye pou yo a, IRS ka rekipere yon pati oswa tout nan montan eksedan ou te resevwa lè y ap kalkile ranbousman taks ou a. Si revni 2017 ou mwens pase 400% FPL la, ka gen yon limit sou kantite lajan ou dwe peye. Si revni 2017 ou a egal a oswa plis pase 400% FPL la, IRS ap rekipere tout lajan ou te resevwa lè ou te kalkile ranbousman taks ou a. Tanpri gade enstriksyon pou Fòm 8962 yo pou jwenn plis enfòmasyon sou limit pou ranbousman yo. Epi tou ou ka ale sou www.irs.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

18. Apre mwen te fin ranpli deklarasyon taks mwen pou ane 2017, mwen te dwe IRS kèk kredi nan taks. Kijan pou mwen fè pou m evite sa lòt ane?

Si ou te oblige remèt kredi nan taks paske vrè revni ou te plis pase revni ou te atann pou 2017, ou te ka konsidere aplike yon pati nan kredi nan taks maksimòm ou sou prim ou an 2018 tan pou ou itilize tout kredi nan taks ou kalifye pou yo a. Epitou, si revni chak ane ou chanje pandan 2018, pa blye deklare chanjman an bay NY State of Health san pèdi tan.

Pi bon fason pou evite remèt kredi nan taks se pou asire w revni estime ou nan aplikasyon NY State of Health la kòrèk. Si revni ou chanje pandan 2018, pa blye deklare chanjman an bay NY State of Health san pèdi tan.

19. Apre mwen te fin ranpli deklarasyon taks mwen pou ane 2017, kredi nan taks pou prim mwen te plis pase lè mwen te jwenn avi konsènan kalifikasyon NY mwen an. Sa k fè sa?

Montan kredi nan taks yo te ba ou davans la te baze sou revni fanmi estime ou ak enfòmasyon ki te disponib lè ou te enskri a. Lè ou fin ranpli fòm IRS 8962 a, prim total kredi nan taks ou pral baze sou vrè revni ou ak pri dezyèm plan ajan ki pi bon mache nan konte ou abite a. Si prim total kredi nan taks ou ki sou fòm IRS 8962 a plis pase prim kredi nant aks ou te resevwa davans la, ou ka jwenn plis lajan sou fòm yon ranbousman ki pi gwo oswa taks ki pi piti.

20. Si mwen te dwe remèt kèk kredi nan taks bay IRS, èske mwen dwe peye kredi nan taks bay plan sante mwen an tou?

Non. Ou oblige rekonsilye kredi nan taks ou yo avèk IRS. Ou pa rekonsilye kredi nan taks ou yo ak plan sante ou.

21. Mwen te enskri nan yon plan NY State of Health ak Rediksyon Pri Kontribisyon (Cost Sharing Reductions, CSRs). Èske mwen dwe rekonsilye avantaj CSR yo lè mwen deklare taks mwen?

Non. CSR yo pa rekonsilye.

22. Mwen pa dakò ak NY State of Health konsènan kantite APTC mwen te kalifye pou resevwa an 2017. Èske mwen ka depoze yon kontestasyon ak NY State of Health?

Ou ka konteste detèminasyon kalifikasyon, tankou montan APTC yon moun kalifye pou jwenn, nan 60 jou oswa pi piti apre dat detèminasyon an. Sa vle di ou pa ka konteste pifò desizyon sou kalifikasyon APTC lè ou resevwa Fòm 1095-A a.

Sepandan, si ou te itilize APTC pandan 2017, ou oblige rekonsilye montan ranbousman taks federal APTC ou te itilize a ak montan ou te kalifye pou resevwa a. Tan pou ou depoze yon kontestasyon opre NY State of Health pou kalifikasyon APTC 2017 ou a, lè

ou ranpli deklarasyon taks ou, sa pral garan ou jwenn tout kredi nan taks ou kalifye pou resevwa yo.

23. Mwen pa dakò ak enfòmasyon sou Fòm 1095-A mwen an. Èske mwen ka depoze yon kontestasyon?

Ou pa ka konteste Fòm 1095-A a.

Tanpri revize lòt repons Kesyon Moun Poze Souvan yo pou wè si yo te ka ede ou konprann enfòmasyon ki sou Fòm 1095-A ou a. Si repons sa yo pa reponn kesyon ou an, tanpri rele NY State of Health nan 1-855-766-7860 pou kapab jwenn asistans.

24. Ki kote mwen ka jwenn èd pou ranpli taks mwen?

Ou ka jwenn asistans nan men konseye taks ou oswa moun ki prepare taks ou a. Epitou ou ka jwenn èd nan sitwèb IRS la nan www.irs.gov oswa lè w rele IRS nan (800) 829-1040, lendi jiska vandredi ant 7:00 PM ak 7:00 PM. Sit entènèt IRS la ofri “Èd ak Resous” pou moun ki bezwen li. Èd yo gen ladan “Reprezantan Kontribyab Lokal” ak “Sant pou Ede Kontribyab ki gen Revni ki ba”.

Gen asistans ak taks gratis tou nan Sit Asistans Taks sou Revni Volontè (Volunteer Income Tax Assistance Sites, VITA) pou kontribyab ki jeneralman touche pi piti pase \$53,000, oswa ki gen yon andikap, oswa Angle yo limite, oswa yo aje. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele (800) -906-9887 oswa ale sou sitwèb www.irs.gov/Individuals/Free-Tax-Return-Preparation-for-You-by-Volunteers.

25. Èske mwen dwe deklare taks pou ane 2017?

Si ou te enskri pou youn oswa plizyè mwa avèk kredi nan taks, ou oblige deklare taks ou. Ou pa p kapab itilize fòm kout tankou Fòm 1040EZ. Ou pral gen pou itilize youn nan fòm ki pi long yo, tankou Fòm 1040 oswa Fòm 1040A. Ou dwe ranpli Fòm 8962 avèk deklarasyon taks ou a tou. Si ou bezwen èd ak fòm sa yo, tanpri ale sou www.irs.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

Si ou te enskri san kredi nan taks, tanpri ale sou www.irs.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

26. Poukisa mwen te resevwa yon fòm 1095 nan men yon kote ki pa te NY State of Health?

Moun resevwa yon Fòm 1095-A separe pou chak kalite asirans sante kote yo te enskri an 2017. Twa (3) kalite fòm 1095 yo se 1095-A, 1095-B ak 1095-C.

Yo voye Fòm 1095-A la bay nenpòt moun ki te enskri nan yon QHP (avèk oswa san yon kredi nan taks) nan Mache a nenpòt kilè an 2017.

Yo voye Fòm 1095-A la bay nenpòt moun ki te enskri nan Medicaid, Child Health Plus, Plan Esansyèl, oswa Medicare nenpòt lè an 2017. Epi tou yo voye li bay nenpòt moun ki te enskri asirans yo ti konpayi y ap travay nenpòt lè an 2017. Nou ankouraje konpayi asirans plan Katastwofik yo pou yo voye 1095-B yo bay manm yo, men yo pa oblige.

Gwo konpayi (sa ki gen 50 oswa plis anplwaye yo) voye Fòm 1095-C a bay nenpòt moun ki te enskri nan asirans yo ofri andeyò Mache NY State of Health la.

Si ou gen kesyon osijè fòm 1095 ou yo, tanpri rele nimewo telefòn ki sou fòm sa yo.

27. Se mari/madanm mwen ki mèt kont prensipal la men li te mouri. Kijan pou mwen fè pou mwen jwenn Fòm 1095-A la pou deklare taks mwen?

Pou moun ki deklare taks ansanm ak mari/madanm yo, nou ka bay mari/madanm ki vivan an Fòm 1095-A a si li sou Fòm 1095-A a.

28. Mwen ap eseye jwenn aksè nan Fòm 1095-A yon moun ki te mouri. Mwen pa te marye ak li epi non mwen pa sou Fòm 1095-A kòm mari/madanm ki vivan an.

Ou dwe fè demann pou Fòm 1095-A a alekri avèk yon lèt bay NY State of Health. Lèt sa a dwe gen kopi dokiman tribal ki nome egzekitè oswa administratè pou byen moun ki mouri a. Souvan, dokiman tribal sa yo rele Lèt Testaman oswa Lèt Administrasyon. Ou ka konsilte yon avoka si ou gen kesyon sou fason pou jwenn dokiman sa yo. Depi yo resevwa li, NY State of Health ap bay Fòm 1095-A bay moun ki nome nan dokiman yo kòm egzekitè oswa administratè a.

L ap enpòtan pou ou konnen menm si ou gen Manda pou moun ki mouri a, w ap toujou bezwen bay demann alekri ak dokiman tribal ki endike anwo a pou jwenn Fòm 1095-A a.

29. Mwen te resevwa yon lèt 12C nan men IRS konsènan Kredi nan Taks pou Prim lan. Kisa mwen ta dwe fè avèk lèt sa a?

IRS te voye lèt sa a paske NY State of Health te fè yo konnen peman yo te fè davans pou kredi nan taks prim ou an te fè pou ou bay asirans ou menm oswa fanmi ou ane pase. Epitou, ou pa te rekonsilye peman yo te fè davans pou kredi nan taks la ak Fòm 8962 lè ou te deklare taks ane 2017 ou yo.

Ou oblige reponn lèt la, menm si ou pa dakò ak enfòmasyon ladan. Swiv enstriksyon nan lèt la epi mete Fòm 1095-A ou ak fòm IRS 8962 la nan repons ou bay IRS la. NY State of Health pa ka reponn kesyon sou Fòm 8962 oswa pwosesis pou ranpli taks la; ou ta dwe konsilte yon moun ki prepare taks oswa kontakte IRS si ou gen kesyon. Tanpri sonje ou dwe reponn lèt la menm si ou pa te enskri nan asirans sante nan Mache a ditou.

Kesyon Moun Poze Souvan konsènan Taks, Fòm Taks, ak Egzanpsyon

Si ou gen kesyon sou nenpòt nan bagay sa yo, tanpri ale sou www.irs.gov pou jwenn plis enfòmasyon oswa diskite yo avèk konseye taks ou. Kesyon sa yo se espesifik pou lè moun ap ranpli taks epi nou pa ka bay konsèy sou taks.

- Mwen pa t aplike nan nan NY State of Health pou èd finansyè. Èske ou ka di m si mwen ka fè reklamasyon PTC a sou deklarasyon taks mwen pou 2017?
- Ki moun ki nan fanmi taks mwen an? Kijan m ap fè konnen si yon moun se yon depandan?
- Kijan pou mwen deklare pwoteksyon swen sante nan deklarasyon taks mwen?
- Kijan pou mwen deklare enfòmasyon sou Fòm 1095-A la nan deklarasyon sou taks mwen?
- Èske mwen bezwen ranpli Fòm 8962?
- Kijan pou mwen ranpli Fòm 8962 sou deklarasyon taks mwen an? Kijan pou mwen itilize Fòm 1095-A pou ranpli Fòm 8962 mwen an? Kisa ki konte kòm revni? Kisa ki FPL mwen?
- Èske mwen dwe IRS lajan? Èske mwen pral jwenn yon ranbousman nan men IRS? Ki kantite taks kredi mwen pral remèt IRS la? Konbyen kredi nant aks an plis mwen pral jwenn nan IRS?
- Mwen se yon travayè endepandan. Èske mwen ka reklame prim NY State of Health mwen kòm yon depans nan deklarasyon sou taks mwen?
- Mwen te oblige remèt kredi nan taks oswa mwen te resevwa kredi fiskal siplemantè. Èske mwen ta dwe estime revni mwen yon fason diferan pou 2017?
- Kijan pou mwen fè reklame yon egzanpsyon nan egzijans Responsablite Endividyèl la?
- Èske mwen dwe peye yon Peman Responsablite Pataje Endividyèl?
- Ki revni mwen bezwen konsidere lè m ap kalkile Peman Responsabilite Pataje Endividyèl la?
- Mwen te enskri nan yon plan sante ak èd finansyè epi revni mwen se mwens pase 100% FPL kounye a. Èske mwen toujou kalifye pou PTC a?